

Règleman pou Sekirite nan Syans Depatman Polk la

Pandan lane lekòl sa a, pitit ou a pral patisipe nan divès aktivite syans pami yo l'ap gen pou li itilize laboratwa, materyèl ekipman ak lòt materyèl ki gen pou wè ak lasyans. Yo te kreye lis regleman jeneral ki pi baba pou kapab pwoteje pitit ou ansanm ak lòt elèv nan sal klas kou lasyans lan pandan y'ap fè rechèch ak eksperyans nan laboratwa a. Lis jeneral yo bay pi ba a gen tout kou syans ki nan pwogram klas myayen, sa yo rele "Middle Schools", ak pou klas tèminal yo (High School).

Règleman Jeneral:

1. Se pou w gen bon konduit tout tan nan sal klas syans lan ak nan laboratwa a.
2. Suiv byen tout ekplikasyon (règleman) ki ekri ak sa yo di nan bouch.
3. Fè sèlman aktivite laboratwa pwofesè w ba w fè. Yo entèdi rechèch ak eksperyans ki pa otorize.
4. Pa janm travay poukont ou nan laboratwa a. Yon pwofesè ki gen sètifika pou sa dwe toujou la nan laboratwa a.
5. Pa janm fè anyen nan laboratwa a pwofesè w pat ba w fè. Si gen yon regleman ou pa konprann, mande pwofesè w anvanw kontinye travay.
6. Pa manje, pa bwè oswa moulèn chiklèt nan laboratwa a. Pa itilize miwa òdinatè yo pou mete manje oswa bagay pou w bwè.
7. Prepare w pou w travay lè w rive nan laboratwa a. Chache konnen metòd laboratwa yo anvan w koumanse travay.
8. Jwèt, blag ak sote, se bagay ki danjre pou w fè nan laboratwa a, epi yo entèdi yo.
9. Se pou zòn travay yo rete pwòp e nèt toutan. Pote sèlman materyèl ou bezwen nan laboratwa a.
10. Konnen ki kote ak ki jan pou w itilize tout materyèl sekirite tankou: ki kote ki gen dlo pou lave zye, materyèl pou bay premye swen, douch sekirite, materyèl pou etenn dife ak sèvyèt pou kouvri pou w itilize. Konnen ki bò alam (sirèn) pou anonse dife ye ak ki kote pou moun kouri soti si gen danje.
11. Se pou w toujou prepare e itilize prekosyon nan laboratwa a.
12. Fè pwofesè w konnen imedyatman si ou wè nenpòt bagay ki menase sekirite lokal la..
13. Se pou w pran san w pou w li etikèt ak ekplikasyon yo mete sou materyèl yo anvan w itilize yo. Ranje epi itilize aparèy yo ba ou a jan yo eksplike nan laboratwa a oswa jan pwofesè w di ou.
14. Lè w fin sèvi ak materèl nan laboratwa a, netwaye l epi netwaye kote w fin travay la tou. Pote tout materyèl tounen kote w te pran yo a pwòp, e fòk yo toujou fonksyonèl.
15. Lave men w ak savon apre tout aktivite ou fin fè nan laboratwa a.
16. Se pou ou toujou kontwole eksperyans ak rechèch w'ap fè nan laboratwa. Y'ap ba ou yon seksyon nan laboratwa pou w travay. Pa plede mache ale vini nan sal la, pa twoubler lòt moun oswa antre nan aktivite lòt moun.
17. Yo pa pèmèt elèv nan ale nan sal kote yo mete materyèl syans yo oswa nan sal preparasyon an, sof si pwofesè ou te pèmèt ou ale.
18. Se pou w konnen sa pou w fè yo si ta gen tès pou dife pandan yon seyans laboratwa: tank yo dwe fèmen, epi valv gaz yo, kouvèti lafimen yo ak aparèy elektrik yo dwe fèmen.
19. Si ou genyen yon pwoblèm medikal patikilye (tankou alèji, si w ansent, si w fè sik oswa si fè opresyon), wè doktè w anvan w travay nan laboratwa a epi di pwofesè w sa.
20. Pa mete men w nan zye w, nan bouch ou ak nan nen w pandan w'ap travay nan pwodui chimik yo oswa nan echantyon prezève yo.
21. Nenpòt ki lè yon pwodui chimik, chalè oswa linèt travay nan laboratwa ap itilize, elèv yo ap mete pwoteksyon chimik ak bagay ki pou pwoteje yo kò yo. Pap gen eksepsyon nan règ sa a.
22. Aktivite laboratwa ki gen ladan yo diseksyon, pwojektil (bal) ak etid teren mande pou itilize linèt espesyal ki ka kenbe enpak danjre yo. Pap gen eksepsyon nan règ sa a. Esepasyon yo pèmèt nan regleman inifòm sa a konsènan aktivite ki pa gen chalè, glas (miwa) ak bagay ki file e/oswa pwodui chimik.
23. Pwofesè a ap rasure li ki kalite linèt pwoteksyon yo bay chak moun anvan li koumanse nan fè travay rechèch yo ak elèv yo. Pwofesè yo kapab mande elèv yo tou pou yo mete pwoteksyon oswa linèt sekirite pou lòt aktivite ki gen pou wè ak syans yo pa site nan regleman 20 ak 21 an.
24. Abiye kòrèkteman pou ale nan laboratwa a. Cheve long, bijou sofistike, tisi ki lach oswa bagi se danje yo ye. Se pou w tache cheve long yo, epi bijou yo ak twal lach yo dwe silte. Se pou soulye yo kouvri pye w konplètman. Pa mete sandal oswa flipflòp nan laboratwa a.
25. Y'ap mete tabliye pou ou pou w sèvi nan laboratwa e se pou w mete yo lè w'ap fè eksperyans ak rechèch nan laboratwa a.
26. Fè rapò bay pwofesè w sou aksidan ki rive (likid ki tonbe, sa ki kase, etc.) oswa domaj ki rive (blesi, si w boule, etc.), menm si se pa gwo bagay.
27. Si gen yon pwodui chimik ki tonbe nan zye w oswa sou po w, se pou w ale nan seksyon ki gen dlo a oswa kote pou pran douch la pou al lave zye rapidman omwen pandan 20 minit.
28. Tout pwodui chimik nan laboratwa se bagay danjre yo ye. Pa touche, pa goute oswa santi okenn ladan yo, sof si pwofesè te eksplike w jan pou w fè sa. Yo va montre w teknik san danje pou santi lafimen pwodui chimik.
29. Tcheke etikèt boutèy yo de (2) fwa anvan w ouvè yo pou w wetire sa ki anndan yo. Pran sèlman kantite pwodui chimik ou bezwen.

30. Pa janm mete rè s pwodui chimik ou pa itilize anndan menm sa yo te ye a ankò.
31. Pa janm ranpli yon tib ak bouch ou. Itilize yon tib kawotyou oswa yon ponp pipèt.
32. Lè w'ap fè transfè pwodui chimik soti nan yon tank ou yon tib pou ale nan yon lòt, pa mete kontenè a pre kò w.
33. Se pou w itilize asid avèk anpil prekosyon. Yo pral montre metòd kòrèk pou dilye asid fò yo. Toujou mete asid sou dlo, sekwe solisyon an epi fè atansyon ak chalè l'ap degaje a, patikilyèman asid silfirik la.
34. Kenbe likid flamab (ki ka pran dife) danjre yo sou yon kaswòl pou yo pa tonbe. Pa janm jete likid ki flamab yo tou pre kote ki gen dife oswa kote chalè ap soti.
35. Pa janm wetire pwodui chimik oswa lòt materyèl nan laboratwa a.
36. Lè w'ap transpòte asid ak lòt pwodui chimik soti yon kote nan laboratwa a pou ale yon lòt kote, pran anpil swen. Kenbe byen epi mache dousman.
37. Pote tib miwa yo, espesyalman pyès ki long yo nan pozisyon vètikal (dwat) pou anpeche yo kraze oswa andomaje.
38. Pa janm pote moso miwa ki kase ak men w konsa. Itilize yon bwòs oswa yon bagay yo ranmase fatra pou w netwaye kras miwa ki kraze yo. Mete moso glas yo oswa moso linèt ki kraze yo nan yon bwat yo mete pou sa.
39. Mete ak wetire aparèy pou bloke tib glas (miwa) kapab danjre. Toujou pase lwil nan bagay sa yo anvan ou foure yo nan aparèy pou bloke tib glas yo. Toujou pwoteje men w ak sèvyèt oswa gan an koton lè w'ap foure oswa werire tib glas nan aparèy sa yo. Si yon moso miwa vin friz nan yon aparèy, pran li pote bay pwofesè w pou li wetire l pou ou.
40. Ranpli boutèy lave yo sèlman ak dlo distile (dlo klè) epi itilize yo sèlman jan yo di a, pa egzanp pou rense miwa yo ak ekipman yo oswa pou met dlo nan yon kontenè.
41. Lè w'ap wetire yon plòg elektrik nan yon sòkèt, se plòg la pou w pase men pran, se pa fil la. Se pou men w sèch nèt anvan ou manyen yon fil kouran, yon plòg oswa yon koneksyon.
42. Verifye miwa a anvan w itilize l. Pa janm itilize miwa ki fann. Pa janm itilize miwa ki sal.
43. Fè rapò ekipman elektrik ki andomaje tou suit. Chache pou w wè si pa gen bagay tankou , fil kouran ki lage envalid ak koneksyon ki pa sere. Pa itilize ekipman elektrik ki andomaje.
44. Si w pa konprann ki jan pou w itilize yon pyès ekipman, mande pwofesè w.
45. Pa plonje miwa ki cho nan dlo fret.
46. Pran anpil prekosyon lè w'ap itilize materyèl pou brile gaz. Toujou rasire w cheve, rad ak men, bagay sa yo pa pre ak flann nan. Pa mete nenpòt sibstans nan flann nan, sof yo te ba w lòd espesyal pou fè sa. Pa janm ale nan yon flann ki lage envalid konsa. Limen bagay pou brile gaz yo sèlman jan pwofesè w te di w.
47. Pa janm kite yon materyèl w'ap itilize pou w brile san pa gen moun la. Pa janm kite okenn bagay k'ap chofe oswa k'ap fè reyaksyon poukont li. Toujou etenn aparèy w'ap itilize pou w brile materyèl la oswa plato cho a lè w pap itilize yo.
48. Y'ap ba ou eksplikasyon sou ki pi bon metòd pou chofe oswa bouyi likid nan tib tès yo. Pa pwente kote ki ouvè nan tib tès la sou ou oswa sou yon lòt moun.
49. Metal chofe ak glas rete byen cho pandan lontan. Ou dwe mete yo akote pou yo fret epi pran yo ak prekosyon. Itilize gan pwoteksyon si nesèsè.
50. Pa janm gade anndan yon kontenè k'ap chofe.
51. Pa mete aparèy ki cho dirèkteman sou biwo laboratwa a. Toujou itilize yon ti pad pou w mete yo. Kite yon bon tan pase pou aparèy ki te cho a vin fret anvan w touche li.
52. Lè w'ap koube yon miwa (yon vè), kite li fret anvan w manyen li ankò. Miwa oswa glas ki cho ak ki fret bay menm aparans. Itilize do men w pou w mete pre yon aparèy pou wè si li cho avan w pran li ak men w.
53. Nenpòt bagay ki file tankou, men se pa sa sèlman: kouto, bistouri, sizo, plim, kreyon, egwi pou fann ak epiny dwe transpòte nan manch yo, ak pwent yo gade anba epi lwen kò w. Toujou koupe sa w'ap koupe yo lwen kò w e jamè pre kò yon lòt moun. Pa janm eseye pran yon moso materyèl k'ap tonbe. Se toujou nan manch pou w pran materyèl ki file.
54. Rasire w ou sèvi ak tout sa ki file pou sa yo te mete yo la a.
55. Jete tout pwodui chimik kote ou dwe jete yo. Pa janm melanje pwodui chimik lavabo. Lavabo yo la pou itilize sèlman pou dlo ak pou solisyon pwofesè a te endike yo. Ou dwe jete materyèl ki solid, metal, alimèt, papye filtè ak tout lòt materyèl ki pa kouwè dlo yo nan kontenè yo mete pou sa, men se pa nan lavabo a. Tcheke etikèt tout kontenè fatra de (2) fwa anvan w mete pwodui chimik la ladann.
56. Tout bèt vivan yo itilize nan nan laboratwa a dwe jwenn tretman kouwè moun e ak bon swen.
57. Rasire w ou mete gan ak pwoteksyon pou zye w pandan w'ap fè diseksyon yo (sa w'ap fann yo).
58. Pa janm fann okenn òganis (bèt) ki pa prezève epi si se pa pwofesè w ki te ba ou li.
59. òganis prezève yo dwe trete ak respè.
60. Pa janm wetire okenn òganis ki konplè oswa moso ladann nan sal klas la.
61. Materyèl laboratwa ki gen ladan yo bakteri ak fongis (chanpiyon) dwe nan kontenè ki sele lè aranjman yo fin fèt. Kontenè sa yo PA JANM pa janm dwe ouvri pandan etid la.
62. Lè w fin travay nan laboratwa a ak bakteri e ak chanpiyon an, rasire w ou itilize metòd kòrèk pou jete materyèl yo. Se pwofesè w la ki responsab pou l jete kilti yo (milye w te itilize yo) e l'ap eksplike w kote pou mete yo lè w fin itilize yo.